



# AVIZE

## ÒDO- NANS SA SEL- MAN AFEK- TE EN- SANDI SIS- TÈM ALAM

### CHANJMAN NAN KÒD KONTE MIAMI-DADE

Lèt sa a se pou avize w de chanjman nan Kòd Règlemantasyon Konte Miami-Dade, pou ajoute Seksyon 14-66 ak Seksyon 14-67 ki pral afekte lokal yo ki deja genyen anplas sistèm alam kont ensandi yo ak sistèm ekstenktè otomatik yo. Kòd la egzije pou w rantre nan yon kontra antretyen pou ni sistèm alam kont ensandi w an ni pou sistèm ekstenktè otomatik w an ki deja anplas nan bilding la disi 14 Septanm 2009.



sonnen.

Esansyèlman, amannman kòd la panche sou asire ke sistèm alam kont ensandi yo fyab. Koze fyab la se te pi gwo enkyetid nan adopsyon òdonans la pou-tèt enpòtans alam kont ensdandi yo nan avizman ensandi nan yon bilding epi-tou nan bay ase tan pou okipan yo nan imèb la chape anvan dife an vin danjre. Yon sistèm ki byen antretni fèt pou elimine plizyè fo alam epi sa va diminye opòtinite danje pou okipan yo nan bilding la rete chita byen vag lè alam lan

Amanman an ajoute egzijans pou genyen yon kontra antretyen ak yon kontraktè alam kont ensandi patante ki okipe sistèm alam kont ensandi ak sistèm ekstenktè otomatik ki va an efè toutan, epi se pou kontra a enkli ladan li aske konpayi sèvis alam la voye yon kourè (teknisyen) ki va reponn alam yo nan les-pas 2 èdtan. Se pou teknisyen an kapab reyajiste sistèm alam kont ensandi yo epi gen kapasite fè ti reparasyon nesèsè yo pou mete sistèm lan operasyonèl an detwa moman.



Dapre kòd ensandi an, yo te deja egzije antretyen sistèm yo ak evakyasyon bilding la os-wa etablisman yon ekip vijilans ensandi apre 4è san sèvis. Yo kwè ke pri pou kontra sè-vis negosye davans yo pral pi ba pase sèvis ki bay san kontra yo, kidonk yo atann yo as-ke kontra yo ap mennen a mwens depans antotal pou pwopriyetè bilding yo ak biznis yo epi-tou li va elimine plizyè nan gwo depans pou reparasyon enprevi yo ak frè ekip vijilans ensandi yo.

#### **Kalite Kontra Yo Ki Aktyèlman Disponib**

Apre yon sondaj de pliske 100 kontraktè alam anba jiridiksyon nou an, nou rive detèmine ke konpayi sa yo ofri yon varyete opsyon de kontra ki va ranpli obligasyon ki etabli nan òdonans sa a. Pi ba la a men lis kèk nan kalite kontra tipik yo men ki pa reprezantan de tout opsyon disponib yo. Yo rekòmande aske mèt alam yo kontakte konpayi sèvis alam yo pou diskite ki opsyon ki pi bon pou yo.

Se pa entansyon òdonans la pou li egzije oswa menm ankouraje mèt alam yo pran yon kontra sèvis konplè. Depatman Ponpye va asepte yon akò kontra minimòm ki genyen etabli ladan li yon metòd kèlkonk pou antretyen ak dispozisyon yo pou yon sèvis teknisyen ki va bay sèvis yo jan sa endike nan òdonans la.

- Pri Debaz Chak Sèvis – Kontra pou sèvis kap bay sou yon frè fiks etabli pou divès sèvis yo ofri yo, men pou sèvis pwograme yo sèlman esepite si mèt alam yo kontakte yo oswa fè demann lan. Se pou kontra sa a enkli sèvis teknisyen an ki dwe reponn nan 2 èdtan a deklanchman sistèm yo oswa siy pwoblèm yo.

Dabitid kontra sa yo pa koute jiskask epi sèlman lè yo itilize sèvis la.

- Sèvis Konplè – Kontra sèvis kle ki trè fyab ak trè responsab, ki enkli tout egzijans tès ak antretyen pwograme, entèvansyon pou reparasyon yo, ak sèvis teknisyen ki va reponn nan 2èdtan a deklanchman sistèm lan oswa siyal pwoblèm yo. Dabitid mendèv la enkli nan akò sèvis





## CHANJMAN NAN KÒD KONTE MIAMI-DADE

pwograme yo. Yon kontraktè kapab travay ansanm avè'w pou idantifye epi korije sektè ak pwoblèm yo ki lakòz pàn yo. Pou yon apatman twa etaj ak senk apatman pa etaj oswa biznis magazen, opsyon sa a kapab koute apeprè \$4,800 pa ane. Sèvis adisyonèl ak pyès adisyonèl yo gen dwa yon frè adisyonèl.

### **Konfòm ak Pwosesis**

Kontra antretyen ak kontraktè alam ensandi patante fèt pou enkli :

- Rapò enspeksyon anyèl (deja egzijans kòd)
- Desèvis pou fè reparasyon lè sa nesèsè
- Disponib pou reponn apèl an 2èdtan pou reyetabli sistèm la epi fè ti reparasyon yo lè sistèm la deklanche
- Ajoute enfòmasyon kontraktè an sou lis kontak anka dijans kole kole ak panno alam la

Yo ankouraje mèt alam yo (pwopriyetè bilding oswa biznis yo) fè kontra yo epi konfòme yo pi vit ke posib pou asire ke yo kapab jwenn sèvis yo san reta epitou ya kapab pi byen pwoteje okipan yo nan bilding yo an. Yo rekòmande tou pou nou chèche jwenn devè nan men plizyè kontraktè alam ensandi patante pou asire ke nou jwenn dè pri byen konpetitif.

Peryòd anvizaje yo ki nan òdonans sa a la sèlman pou òdonans sa a: yo va ranfòse lòt egzijans ki deja anplas yo san okenn chanjman nan pwosesis oswa peryòd anvizaje yo. Pa egzanp, evakyasyon bilding lan oswa vijilans ensandi ap kontinye egzije lè yon sistèm alam oswa yon sistèm ekstenktè otomatik an pàn pou pliske katrèdtan jan sa te deja egzijib la.

Pandan enspeksyon anyèl yo, si kontra yo pa deja anplas, enspektè ensandi yo va avize nou de egzijans yo. Nou pral genyen pou konfòme nou anvan dat limit 14 septanm 2009 la. Si nou bezwen plis tan, nou pral genyen pou nou depoze yon demann alekri adrese a Prevo de Ponpye la (adjidan prevansyon ensandi) pou jwenn yon ekstansyon.

**Fire Marshal  
Fire Prevention Division  
Miami-Dade Fire Rescue Department  
9300 NW 41 Street, Doral, Florida 33178**

Nenpòt demann ekstansyon pral bezwen espesifye ladan li rezon pou ekstansyon an, yon peryòd anvizaje kote nou panse nap gen tan mete nou konfòm ak òdonans la (yon maksimòm de 18 mwa).

Apati dat limit 14 septanm 2009 la, si nou poko resevwa apwobasyon alekri pou ekstansyon tan an delapa Adjidan Prevansyon Ensandi an (Fire Marshal), Ofisye Responsab Konfòmite Kòd yo va kòmanse pwosesis ranfòsman yo. Kidonk, asire ke nou soumèt nenpòt demann ekstansyon omwen yon mwa anvan dat limit la.

Si nou manke pa konfòme nou oswa pa jwenn yon ekstansyon adisyonèl nan lespas 18 mwa a va mennen a emisyon yon kontravansyon epi pran tout aksyon ranfòsman nesèsè. Tan maksimòm ke yon okipan genyen pou li konfòme li se 3 an (36 mwa) de dat li rantrè anviyè an kise 14 mas 2008 si apwouve pa adjidan prevansyon ensandi (fire marshal) ki nan jiridiksyon an.

Egzijans sa yo deja anplas pou nouvo sistèm alam yo, kidonk pa genyen okenn chanjman ki ka rezilta de amannman kòd sa a pou nouvo sistèm yo.

Nou swete ke avizman davans sa a pral byen sèvi nou epi nou espere kontinye travay ansanm ak nou pou ogmante sèvis fyab sistèm enpòtan nou yo.

Chief Manuel C. Mena, Prevo de Ponpye  
Divizyon Prevansyon Ensandi

